- **Ari di lebet kandungan mah biasa kitu Ibu. Nuju hamil mah?**  
(Ibu) : Muhun biasa.
- **Ngalahirkeun na kumaha Bu?**  
(Ibu) : Henteu. Normal. Ngalahirkeun lancar. Teu aya keluhan nanaon lah. Ngan pas U mah teu nangis kitu pas lahir teh tapi da ku bidan teh di tonggeng tonggeng keun nangis weh meni tarik. Mun E teu tiasa pipis kitu tos sabaraha jam teh. Saur bidan teh mun teu pipis wae wayah na kedah di oprasi eta na teh di sunat kitu. Tapi nya allhamdulillah wengi na teh aya kaluar. Tos weh kitu wungkul E sareng U teh.
- **Kaditu namah perkembangan normal weh Bu?**  
(Ibu) : Uhun, mung eta weh nyarios rada relat tea.
- **Ari sehari-hari Ibu kieu weh di warung?**  
(Ibu) : Uhun, kieu weh ti enjing-enjing dugi ka ssonten.
- **Janten marurangkalih teh uih na osok ka pasar?**  
(Ibu) : Henteu ka bumi weh. Da ari U mah teras sok diajar ngaos ka madrosah sakola madrosah teras ngaos. dilekenan weh. Sahenteuna tiasa ngaos-ngaos mah. Upami E mah sok ngiring didieu sareng rama na nu ayeuna.
- **Teras ari waktu sareng murangkalih iraha Bu atau Ibu osok meluangkang waktu khusus kitu?**  
(Ibu) : Uhun sabada atos rada magrib mah nya, nya ari siang mah nya eta seuer aktivitas tea pidameleun ari nami-nami na Ibu rumah tangga di bumi teh,

teras kan kadieu tea icalan. Aya wae pidameleun teh. Mung ngarariung na mah sabada magrib weh kitu.

- **Ari nu sabada magrib eta biasa na Ibu sareng E sareng U osok naon wae?**

(Ibu) : Biasa weh kitu ari di bumi konsultasi

- **Ngarariung?**

(Ibu) : Uhun ngarariung.

- **Pami aya PR ngerjakeun PR?**

(Ibu) : Di piwarang muhun.

- **Ngabimbing kitu nya Bu?**

(Ibu) : Uhun ngawartosan kitu

- **Misalkeun upami nuju ngerjakeun PR kitu nya Bu, Ibu osok nyebat hebat atau pinter kitu?**

(Ibu) : kadang ari nuju katinggal. Mamah ari ieu teh naon. Sok ade tiasa dicitu. Ari E mah nyumput di kamar tah kitu, nya kitu nyalira da kawitna ti SD, kan kawitna di SD, muhun di SD heula sami U ge di SD heula kitu. Nanging ku Ibu di candak kitu, di cabut ti SD na. Da hawator kitu bilih kumaha kababayut Bu, eta ge Ibu guru sareng Bapak guru na ge sapertos anu kumaha ningali U teh. ih keun E mah tipayun teh aya lantaran udur nanging kaseunanan, da ari ayeuna ge katingali na mah normal. Tp da eta memori na tea.

- **Muhun nya Bu. Ari Ibu kumaha ka E sareng U aya aturan-aturan tertetu teu? Misalna upami uih sakola kedah gentos acuk kitu?**

(Ibu) : Muhun Insya Allah da nurut kitu, teras digarentos acuk, kadang upami lapar teras mam upami teu lapar teras ameng.



- **Upami uih kedah tabuh sabaraha kitu?**  
(Ibu) : Kabiasaan tos terang kitu. Ti sakolah mah teras weh uih, janten tara ka icalan lah kitu, waktos-waktos na uih aya kitu, di rorompok.
- **Kan saur Ibu ka babayut tea nya, tapi Ibu henteu nuntut kitu ka mrangkalih teh ulah ka babayut kitu kedah jiga nu sanes kitu?**  
(Ibu) : Uhun eta oge sami. Tinggal anu sanes kedah tiasa ngejar anu pinter, kedah lebih pinter. Nanging kamampuan na kitu. Kamampuanana.
- **Upami misalkeun nuju narakal, hese di atur osok aya hukumana atau kumaha teu Bu?**  
(Ibu) : Dihukum paling di cepret sampean na.
- **Oh di cepret?**  
(Ibu) : Uhun, da sieun ku di tinggal langsung tunduk.
- **U sareng E teh?**  
(Ibu) : Muhun. Kadang ari E mah tos ageung nya kadang ngalawan heula. Sesah ari tos ageung mah kadang-kadang.
- **Ibu eta ngasuh dua murangkalih anu aya hambatan eta mempegaruhi kana pekerjaan Ibu teh?**  
(Ibu) : Kana pekerjaan anu mana? Anu aktivitas sedidinten?
- **Muhun, didieu di warung atanapi di bumi kitu?**  
(Ibu) : Nya kitu weh panginten tos waktos na kedah ngabimbing mah kitu nya kedah aya wae waktos na. Icalan aya waktos na ari tos beres mah.
- **Oh janten henteu ngaganggu kitu nya Bu?**

(Ibu) : Kumaha nya. Da di sebat sok ka ganggu da kawajiban. Ari ka ganggu na mah uhun ka ganggu, kumaha ari nuju icalan kitu, lamun U ka warung teh sok teu daek cicing, cerewet komo.

- **Ibu pas pertama terang E sareng U teh aya hambatan, kumaha perasaan Ibu, sedih, minder atau kumaha kitu?**

(Ibu) : Uhun ari tipayun mah kitu minder kedah sakola SLB E sareng U teh. tapi da ayeuna mah pasrah weh lah. Ieu mah da titipan kitu, nanging ka titipan eta hoyong alim palinter lah, kawajiban kitu, kawajiba Ibu kedah ngadidik kitu. Kedah nitipkeun na teh kedah panginten kedah nu kumaha kanu jalur na kadinya. Henteu allhamdulillah ayeuna mah henteu minder. Terus terang weh kitu kasadayana oge kitu.

- **Ari upami nuju ngasuh murangkalih, kumaha kitu Bu sok aya perasaan kesal atau naon kitu?**

(Ibu) : Nya da uhun namina na murangkalih kadang kesal kadang senengkitu nya ari nami-nami na ngasuh aya lah kitu sadayana Ibu oge pasti kitu.

- **Ibu aya perasaan khawatir henteu ke upami tos ageung kumaha murangkalih teh, atau Ibu tos sepuh ke saha anu ngurus sareng ngurus E sareng U?**

(Ibu) : Nya panginten khawatir sih aya, tos ya cita-cita Ibu, saupami U atanapi E tos ageung kitu nya sakola masih didinya, satu atap kitu nya, tipayun oge, dikapasantrenkeun tos aya niat, hoyong ka kobong keun lah. Ku teu tiasa tiasa tea nga bimbing na, bisi Ibu malaweng tea sanaos di kejang-kejang ge. Tos aya emutan E sareng U bade ka pondokeun upami aya yuswa na.

- **Ibu osok aya kesulitan henteu memahami kemampuan na kitu misalna, nuju ngasuh misalkeun E sareng U naon tapi Ibu teu ngartos naon maksud na?**

(Ibu) : Sagala rupi ge ngartos da di hartoskeun ku Ibu, nanging ari U mah dina waktos na wengi wungkul, bobojanten gelisah ari U mah, sok aya gelisah, upami dina bobo na teh kadang lilir kitu nya, kadang nagis tp soca pereum,

nangis, atanapi kumaha waktos nuju siang, ari panginten nuju siang sareng rerecanga na hereuy nyabok-nyabok ka Ibu teh, da kedah wae di kelonin etamah, kedah sareng wae, dugi ka ayeuna ge kitu keneh, nanging hoyong ngalandongan teh ngalandogan eta na kitu, ka psikolog kitu panginten.

- **Ibu merasa terbebani henteu ngasuh murangkalih anu 2 eta anu aya hambatan?**

(Ibu) : Nya panginten kumaha kitu dina waktos na kesel pasti beban na mah kedah ngaping kadang ngadidik anu sae kitu, ari janten beban na mah, tapi da ari dina waktos na seneng mah eta tea lega weh kitu, ngarasa beban teh ku teu acan tiasa marandiri di bidang na, ibak, di acuk.

- **Aya dampak na henteu Bu, kalelahan kitu?**

(Ibu) :Henteu, dina emutan weh kitu kumaha murangkalih nu ieu teh, tapi da sadayana Ibu ge pasti kitu da ka murangkalih mah.

- **Upami Ibu nuju kelelahan, teras murangkalih osok sareng saha?**

(Ibu) : Nya sareng Ibu weh kitu, kadang ari siang mah ameng, kadang nya ri ningali lelah atanapi misalna pilek-pilek Ibu, mamah ku naon, mamah nga mam obat, pencetan nya ku abi.

- **Janten ku Ibu weh nya ngasuh teh?**

(Ibu) : Uhun.

- **Tara ka rama na?**

(Ibu) :Upami pendak panginten, tara dugi ka bumi na mah kitu , upami di perjalanan nembe di pasihan jajan panginten kitu, janten ari beban sadidinten mah Ibu kitu, kebutuhan na kitu.

- **Kebutuhan sadayana ku Ibu, rama na henteu ngiringan?**

(Ibu) : Henteu, kitu upami papendak masihan uang jajan kitu, henteu misalna aya kaperyogian naon di sakola nya kan sakola di madrosah sareng TPA

mahmeryogikeun, meryogikeun keuangan kitu. Nya teu sapertos didieun onaman gratisbebas kitu, ayeuna bade THB di madrosah atanapi TPA tara naroskeun kitu, janten beban ku Ibu eta mah sagala rupi na.

- **Ibu membutuhkan biaya nu besar teu ngasuh murangkalih teh?**

(Ibu) : Nya pasti atuh meryogikeun,

- **Benten kitu santen raka na nu 25 taun?**

(Ibu) : Nya benten

- **Lebih ageungan ieu?**

(Ibu) : Nya muhun-muhun, nya kantenan da ieu mah dua kitu, janten meryogikeun na ku ngetang misalna 10 rebu sadinten ku nu hiji kan ka dua teh 20 puluh, sedengkeun Ibu pangala adinten sabaraha, ageung.

- **Tapi ari rejeki mah sok aya wae nya Bu?**

(Ibu) : Nya allhamdulillah. Teu di ieu keun kitu.

- **Tapi Ibu aya tabungan khusus kitu kanggo engke E sareng U?**

(Ibu) : Teu aya, bade nabung teu aya kanggo sadidinten. Kan sadidinten ge allhamdulillah kitu.

- **Oh janten tos weh Ibu mah icalan rencang sangu wungkul weh kitu?**

(Ibu) : Uhun da naon deui atuh.

- **Ari suami nu ayeuna kumaha kitu Bu, menerima?**

(Ibu) : Nya allhamdulillah bageur.

- **Osok ngiring ngasuh oge?**

(Ibu) : Osok ngiring kitu ngadidik, konsultasi kumaha.

- **Bageur atuh nya Bu, allhamdulillah.**

(Ibu) : Allhamdulillah

- **Tapi henteu mempengaruhi kumaha misalkan kitu Ibu sareng nu ayeuna, punten nya Bu sok aya konflik, gara-gara murangkalih?**

(Ibu) :Teu aya Allhamdulillah, da tos nga maklum ti kawitan ge oge tos di wartoskeun sateuacan nikah oge kitu diwartoskeun murangkalih teh kieu-kieu, ah da kumaha anu normal ge can karuhan nu kitu jujur kitu, can karuhan berhasil kitu, nya mudah-mudahan anu ieu, nu aya kakurangan sing aya langkungna.

- **Nya pasti lah nya Bu aya kakurangan sareng kalebihan na.**

(Ibu) : Uhun aya langkung na kitu.

- **Ari nuju kapungkur sareng nuju nu kapungkur kitu osok aya konflik?**

(Ibu) : Anu mana?

- **Anu sareng rama na.**

(Ibu) : Nya aya lah, janten teu aneh lah Ibu mah aya sareng teu aya ge.

- **Oh atos weh ayeuna murangkalih teh sareng Ibu weh?**

(Ibu) : Muhun. Osok dipiwarang eta ge jug ka Bapak, tapi da alimeun nyebut na teh isin ku mamah. Osok di jujurung ka Ibu teh tp da duka alim weh murangkalih teh.

## MEMBER CHECK

Kami yang bertanda tangan di bawah ini, telah membaca dan mempelajari transkrip wawancara di atas dan menyatakan kebenarannya sesuai dengan apa yang kami sudah sampaikan kepada peneliti dalam wawancara pada tanggal 4 Mei 2015.

Sindangkasih, Mei 2015

**Ibu B**

**OP**

**TRANSKIP WAWANCARA DENGAN ORANG TUA B (AYAH TIRI)**

Hari/Tanggal : Senin, 4 Mei 2015
Tempat : Rumah Orang Tua B (Ibu Kandung)
Nama Ayah : AN
Umur : 36

- **Punten Bapak ngaganggu.**

(Ayah) : Henteu Bu, mangga wae. Guru na E sareng U Bu?

- **Muhun guru di sakola pak. Punten Bapak tos sabaraha lami nikah sareng Bapak na U sareng E?**

(Ayah) : Ah nembe ge 4 sasihan neng, ti taun baru weh

- **Ari Bapak sateuacan nikah ka mamah na U sareng E, tos terang Ibu teh gaduh murangkalih anu aya hambatan kitu?**

(Ayah) : Terang. Da mamah na ge nyarios ti pertama teh. Yen gaduh putra anu kitu. Tipayun ge kantos kan ameng kan bumi mamah na sateuacan nikah teh. nya terang E jeung U mah teu normal kitu beda lah jeung budak nu sejen na.

- **Tapi Bapak tiasa menerima kitu upami nikah ka mamah na berarti kedah ngurus putra-putra na oge?**

(Ayah) : Nya da kumaha deui. Mun hoyong ka mamah na nya mereun kudu nyaah ka budak-budak na ge.

- **Oh janten teu keberatan weh nya pak masing putra na aya nu hambatan ge?**

(Ayah) : Nya ari kabekatan kaberatang Bu. Dimana-dimana ge teu aya orang tua nu hoyong putra kitu. Hoyong anu sempurna normal.

- **Oh muhun. Ari biasa na Bapak teh uih teh sore weh?**

(Ayah) : Henteu, kan sami oge sok ngabantuan mamah na icalan di warung. Padah ieu mah tos balanja ti pasar cikurubuk tea jadi weh sonten. Da ari ka cikurubuk mah tara tiap hari helet sahari kitu ari balanja teh.

- **Oh muhun. Ari biasa na Bapak osok tara ameng kitu sareng U sareng E, atau upami nuju di bumi osok naon wae kitu upami nuju sareng E sareng U teh?**

(Ayah) : Nya da langki di bumi tea ning. Ari mamah na uih ka bumi teh sok sonten. Ari abdi mah wengi da beberes heula ieu di warung. Ka bumi teh paling tos magrib weh.

- **Kan ari Ibu mah upami tos bada magrib teh sok ngarariung kitu, mun aya PR sok ngabantuan ngerjakeun. Ari Bapak sok ngiringan oge tara ngarariung kitu?**

(Ayah) : Osok Bu sakapeng mah da kitu nonton tipi sareng. Nya kitu weh.

- **Oh janten wacos na tos magrib weh nya?**

(Ayah) : Uhun, palingan papendak jeung barudak mah mun tos magrib weh.

- **Kan ari E mah pinter ngagambar nya Pak. Tiasaan kitu meni sae gambar na teh? pernah teu gambar-gambar na teh ditingalikeun ka Bapak?**

(Ayah) : Uhun osok, eta ge ari nuju ngagambar teh sok sakapeng mah ditigali. Ngagambar naon tuh. Ieu ngagambar sepeda.

- **Aya pujian teu Pak kanggo E upami nuju ngagambar kitu? Sae, pinter, hebat misalkeun kitu?**

(Ayah): Aya. Hebat euy gambar na sae. Nya paling weh kitu.

- **Ari ka U osok masihan pujian oge?**

(Ayah) : Ari U mah ning kumaha rada kurang lah, nya tapi osok ari sok nyebut pinter, hebat kitu mah.

- **Upami E sareng U nuju hese diaratur kitu, narakal kitu nya pak. Aya hukuman teu Pak kanggo E sareng U?**

(Ayah) : Ah henteu. Mamah na weh anu sok ngahukum mah. Da ari abi mah batur bisi kumaha onam Bu. Antepkeun weh ku abi mah, keun ku mamah na wungkul.

- **Kan E mah upami uih sakola teh sok ka warug nya. Osok ngaganggu kana pekerjaan Bapak teu?**

(Ayah) : Nya ari E mah tara da cicing osok ngabantuan E mah. Mun U uhun sok riweuh lah mun aya U teh sagala di oprek sagala di kaluar-luarkeun deui. Jadi ku mamah na teh di ka madrasah ken weh. Amih teu ngaganggu di warung.

- **Ari saur pandangan Bapak, Ibu osok merasa kecapean teu upami nuju ngurus E sareng U?**

(Ayah) : Ari capr mh tos pasti Bu. Di bumi di warung padamelan teh.

- **Ari ku Bapak sok di batuan tara?**

(Ayah): Nya paling abi mah ngabantuan di warung wungkul weh kitu.



- **Ari ngabantuan ngasuh kitu osok tara pak?**  
(Ayah) : Nya osok kadang-kadang mah Bu, mun abdi na ge nuju nyalse kitu. Di warung tiiseun.
- **Mun misalkeun Ibu nuju kelelahan nya pak, Bapak osok ngabantuan Ibu tara ngurus E sareng U?**  
(Ayah) : Nya mun udur kitu, abdi nganterkeun E sareng U ka sakola
- **Pa punten nya, Bapak kan ayeuna kepala keluarga na nya. Ari biaya sehari-hari eta kumaha? Bapak osok masihan Ibu?**  
(Ayah) : Nya ari nu nyepeng mas artos mah mamah na weh.
- **Oh janten artos teh sadayana di cepeng ku Ibu?**  
(Ayah) : Uhun
- **Ari saur Bapak, Ibu kebutuhan E sareng U teh ageung teu, ngabutuhkeun biaya anu ageung kitu?**  
(Ayah) : Nya pasti lah ngabutuhkeun biaya anu ageung.
- **Kapenuhi weh nya pak kebutuhan E sareng U teh?**  
(Ayah) : Insya Alloh tiasa kapenuhi Bu.
- **Bapak aya perasaan kesel teu, misalkeun upami Ibu teh ngurus wae murangkalih ari Bapak teu ka perhatikeun?**  
(Ayah) : Henteu da, ari abdi mah kan tos tias ngurus ari barudak mah kan karunya.
- **Ari Ibu sok aya henteu miwarang ka Bapak, bantuan ngurus murangkalih?**  
(Ayah) : Henteu. Nya tadi tea lamun Ibu pernah udur abi osok ngabantuan ngurus.
- **Oh muhun. Nuhun atuh nya Pakk, atos ngawagel waktos na?**  
(Ayah) : Mangga da henteu.

## MEMBER CHECK

Kami yang bertanda tangan di bawah ini, telah membaca dan mempelajari transkrip wawancara di atas dan menyatakan kebenarannya sesuai dengan apa yang kami sudah sampaikan kepada peneliti dalam wawancara pada tanggal 4 Mei 2015.

Sindangkasih, Mei 2015

**Ayah B**

**AN**

## TRANSKIP WAWANCARA DENGAN ORANG TUA B (AYAH KANDUNG)

Hari/Tanggal : Selasa, 5 Mei 2015
Tempat : Rumah Orang Tua B (Ayah Kandung)
Nama Ayah : EN
Umur : 50

- **Punten Bapak nga wagel waktos na.**

(Ayah) : Henteu. Ti mmana kitu?

Dewi Asri Juniar, 2015

**PENGASUHAN YANG DILAKUKAN ORANG TUA YANG MEMILIKI LEBIH DARI SATU ANAK INTELLECTUAL DISABILITY**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- **Abdi guruna E sareng U di sakola?**

(Ayah) : Oh uhun. Aya naon nya. Jadi rareuwas kieu?

- **Henteu Bapak teu aya nanaon. Hoyong ngobrol-ngobrol nyarios tentang murangkalih.**

(Ayah) : Oh uhun mangga wae

- **Kan saurna Bapak atos hente an nya sareng Ibu na murangkalih?**

(Ayah) : Nya uhun

- **Tapi Bapak masih osok pendak sareng murangkalih henteu?**

(Ayah) : Nya kitu weh ari paling ari pendak na di jalan pendak na mah.

- **Oh tara ngendong di Bapak kitu?**

(Ayah) : Tara.

- **Kunaon Pak alalimeun?**

(Ayah) : Duka.

- **Tapi ku Bapak osok di ajakan tara, hayu ngendong di bumi Bapak, misalkan?**

(Ayah) : Tara, da karunya lamun ngendong di Bapak mah Bu, bisi teu aya nu ngurus.

- **Oh muhun, ari ti keluarga Bapak aya henteu nu anu sapertos E sareng U, aya hambatan kitu?**

(Ayah) : Asanamah teu aya da Bu.

- **Ari pertama Bapak terang E sareng U aya hambatan kumaha?**

(Ayah) : Nya ari E mah tina geubis kawitna mah, teras panas sadinten sawengi teh bari kejang-kejang kitu. Nya ka dokter syaraf weh. Memori na teh ka ganggu

kitu. Da Bapak ge teu ngartos nya Bu. Teras da ari di SD karunya nya dialihkeun weh ka SLB.

- **Ari U kumaha Pak?**

(Ayah): U mah ti aalit keneh kitu nya jiga nu teu normal weh. Telat nyarios na teh.

- **Oh, ti umur sabaraha nya Pak eta teh?**

(Ayah): Tilu taun mah aya Bu

- **Pas terang kitu perasaan Bapak kumaha? Aya sedih atanapi kumaha?**

(Ayah): Sedih mah pasti ningali E sareng U kitu.

- **Ari nuju kapungkur nya Pak, nuju masih keneh sareng mamah na E sareng U aya pembagian khusus tugas ngasuh murangkalih teu?**

(Ayah): Henteu sih Bu. Da abdi ge kan sibuk di damel icalan

- **Oh icalan di warung nasi sareng Ibu tea?**

(Ayah): Henteu abdi mah eta weh ngider kurupuk dagang ka warung-warung.

- **Oh jante atos weh ku Ibu nya Pak?**

(Ayah): Uhun ku Ibu weh ngurus E jeung U mah.

- **Punten nya pak. Ari kapungkur nuju masih keneh sareng Ibu, nuju komplit keneh kitu. Biasana upami di bumi sareng E sareng U osok naon wae? Misalkeun Bapak osok nga bimbing U sareng E?**

(Ayah) : Uhun osok ti sonten atau wengi weh kitu ngarumpul teh da mamah na g sibuk di pasar tea. Sonten nembe uih.

- **Oh janten waktu na teh sonten atau wengi weh nya Pak?**

(Ayah): Uhun. Teu tangtu ning saayana mamah weh.

- **Biasa na kitu Pak upami murangkalih teh nunjukeun sikap naon kitu misalkeun kamari aya acara kartinian, kan E sareng U teh tarampil nya Pak, Bapak osok masihan pujian atau menyemagati murangkalih?**  
(Ayah) : Nya uhun ari tipayun mah sateuacan pipirakan mah ari aya acara di sakolah teh sok ngabaturan di tonton barudak teh.
- **Osok di puji hebat pinter kitu teu Pak?**  
(Ayah) : Nya uhun osok Bu, deuhhh meni parinter budak Bapak teh.
- **Ari Bapak teu nuntut murangkalih kedah jiga tiasa kumaha kitu, misalkeun maca nulis?**  
(Ayah) : Ah henteu da E sareng U mah hese budakna teh. masih di paksakeun ge da hese weh ari n E, U mah.
- **Bapak ka murangkalih osok aya aturan henteu Pak, misalkeun aturan di bumi ieu mah kedah gugah bobo teh tabuh sabaraha, uih sakola kedah langsung mam atau kumaha?**  
(Ayah) : Ah henteu bebas weh. Da ari E jeung U mah hese di kukuma ge. Pisabareun ieu weh Bapak na.
- **Misalkeun nya upami E sareng U teh hese di atur lah atau nuju narakal kitu, ku Bapak osok di hukum tara, kan saurna ku mamah na mah osok di cepret ceumah sampean na teh?**  
(Ayah) : Henteu ah. Da ari ku mamah na mah sieunen E jeung U teh. Ari ku abi mah henteu.
- **Ari nuju kapungkur nya pak eta ngasuh E sareng U teh mempengaruhi kana pekerjaan Bapak henteu?**  
(Ayah) : Mhmmmm nya aya lah sakapeng mah tadi na niat bade ngider eh U teh hoyong di tungguan di sakola. Da hese teu di turut keun ngamuk budak teh.

- **Bapak pernah ngemut teu ka payun kumaha E sareng U teh, punten upami Ibu sareng Bapak teh tos sepeh tos teu tiasa ngurus E sareng U. Aya teu Pak emutan kadinya?**

(Ayah) : Nya aya emutan kadiya mah, karunya puguh Bu ke saha nu ngurus. Ari E mah saleheung tos rada mandiri ari U mah kumaha atuh meni bubudakeun keneh.

- **Janten aya perasaan khawatir kitu nya?**

(Ayah) : Nya uhun khawatir pisan ka barudak teh.

- **Bapak osok merasa kesulitan teu upami nuju ngurus E sareng U?**

(Ayah) : Kesulitan kumaha?

- **Misalkeun U sareng E teh hoyong naon tapi Bapak teu ngartos naon anu di pikahoyong teh?**

(Ayah) : Nya sakadang mah osok da hese ari budak nu kitu mah teu di cumponan ngamuk.

- **Bapak merasa terbebani henteu nya ngasuh E sareng U?**

(Ayah) : Nya eta paling terbebani pikiran weh kumaha kitu barudak teh engke na.

- **Oh janten kapikiran wae kitu?**

(Ayah) : Uhun.

- **Ari saur Bapak ngasuh E sareng U cape atanapi kalelahan?**

(Ayah) : Nya cape mah uhun, da E sareng U mah teu acan mandiri.

- **Pernah dugi ka sakit kitu Pak?**

(Ayah) : Henteu sih nya paling lalesuh kitu weh lah.

- **Ari tipayun kitu nya Pak, kan Bapak icalan teras Ibu di warung ari E sareng U osok sareng saha?**  
(Ayah): Kan sakola Bu.
- **Upami tos uih kitu ti sakolah teh, teras Bapak ge teu acan uih icalan osok kamana?**  
(Ayah): Nya ka warung biasana mah da tos tarerangeun.
- **Ari kebutuhan E sareng U membutuhkan biaya anu ageung teu Pak?**  
(Ayah): Nya uhun tos pasti eta mah.
- **Tapi Bapak tiasa memenuhi kebutuhan na?**  
(Ayah): Nya allhamdulillah tiasa.
- **Ari ayeuna Bapak masih osok nga biayaan E sareng U?**  
(Ayah) : Nya osok ari nuju aya mah sok dipasihkeun ka mamah na weh boh sabaraha wae ge.
- **Oh berarti ari nuju teu aya mah tara masihan kitu Pak?**  
(Ayah): Uhun da naon anu pasihkeun tuda ari teu aya mah.
- **Oh Bapak henteu mencari tambahan-tambahan kitu kanggo penghasilan?**  
(Ayah): Ah henteu atos weh dagang kurupuk wungkul.
- **Kan Bapak aya emutan ke kumaha E sareng U engke mun tos arageung na nya Pak, Bapak aya tabungan khusus teu kanggo masa depan E sareng U?**  
(Ayah): Ah henteu, duka ari mamah na mah. Atos mereun ku mamah na.
- **Punten Pak ari nuju kapungkur Bapak sareng Ibu pernah aya konflik keluarga kitu teu gara-gara murangkalih?**

(Ayah) : Nya eta masalah artos konflik na mah, da mamah na penghasilan lebih ageung. Jadi nya abi teh asa teu di hargaan weh kan abi teh kepala keluarga.

- **Oh janten konflik na mah karna artos nya Pak, sanes karena kehadiran E sareng U?**

(Ayah) : Nya uhun. Pernah gara-gara E sareng U ge, kapungkur teh kunaon kitu hilap deui, tapi uhun oh padah teu tiasa ngajajapkeun ka sakola, mamah na kudu pasar, abdi kudu ngider oge. Uhun pernah. Mamah na teh nyebat naon lah anu teu pikaraoseun

- **Oh muhun Bapak, punten nya pak ieu atos ngaganggu waktos na.**

(Ayah) : Teu sawio-wios Bu.

## MEMBER CHECK

Kami yang bertanda tangan di bawah ini, telah membaca dan mempelajari transkrip wawancara di atas dan menyatakan kebenarannya sesuai dengan apa yang kami sudah sampaikan kepada peneliti dalam wawancara pada tanggal 5 Mei 2015.

Sindangkasih, Mei 2015

**Ayah B**

**EN**



## TRANSKIP WAWANCARA DENGAN ORANG TUA B (KAKAK)

Hari/Tanggal : Kamis, 7 Mei 2015
Tempat : Rumah Kakak B
Nama Kakak : TT
Umur : 25

- **Punten teh, kapungkur teteh ngiring sareng mamah dugi ka umur sabaraha?**  
(Kakak) : Euuu SMP, SMA ngiring jeung Bapak.
- **Oh janten teteh sareng E sareng U mah samamah nya?**  
(Kakak) : Uhun
- **Pas teteh nuju ngiring sareng mamah keneh nya, pertama teteh terang bahwa teteh gaduh ade anu aya hambata kumaha?**  
(Kakak) : Pas SD kitu nya kan E teh teu damang panas tea, janten weh kitu ayeuna mah jiga nu kitu weh. Ari U mah teu terang da abdi tos ngiring sareng Bapak, nya jadi teu terang weh kumaha pas U mah. Ayeuna ge kitu weh jeung U mah teu kenal, hare-hare weh mun pendak teh.
- **Pas terang E aya hambatan kitu kumaha perasaan teteh aya isin, sedih, minder sapertos kitu teu?**  
(Kakak) : Nya ari di kampung mah nu kitu teh sok di anggap na teh nu kurang lah jiga teu sok di jalan kitu Bu padahal beda kan?
- **Uhun atuh benten sareng anu sok di jalan mah.**  
(Kakak) : Nya uhun di kampung mah kitu.
- **Sedih teu teh?**

(Kakak) : Nya sedih mah tangtos Bu, isin oge da aya rancangan ka bumi teh ulah weh ku abi mah kapungkur teh da bisi di anggap kitu tea jiga nu di jalan.

- **Ari saur pandangan teteh, perasaan Ibu sareng Bapak kumaha jiga nu sedih atau minder oge teu nya?**

(Kakak) : Bapak mana?

- **Eta Bapak na E sareng U?**

(Kakak) : Oh Pak Endang?

- **Uhun teh.**

(Kakak) : Nya duka nya tapi jiganamah nya sami weh isin mereun jiganamah tapi.

- **Ari saur teteh anu katingali ku teteh Ibu jiga nu khawatir henteu gaduh putra anu jiga E sareng U?**

(Kakak) : Eeuuuuu duka sih, tapi jiganamah sih nya mam ge E mah kudu di haruapan keneh, kumaha engke mun tos kolot kitu mamah teh. maenya ek dihuapan weh tuluy ku mamah.

- **Pernah teu mamah nyarios ka teteh kitu, ke upami mamah punten nya teh tos sepuh atanapai teu aya punten nya teh, nitipkeun E sareng U.**

(Kakak) : Henteu, ah alim abdi na ge. Da abi ge gaduh putra anu alalit keneh atuh urusanen eta ge.

- **Oh janten terbebani weh nya upami piwarang ngasah E sareng U teh?**

(Kakak) : Nya uhun soteh lamun abi na lenggoh, ieu mah abdi aya budak aya caroge arurusaneun.

- **Ari mamah jiga nu terbebani oge teu nya teh?**

(Kakak) : Nya mereun pasti terbebani Bu, karunya sih ka mamah. Eta Pak Endang na meuni embung ngurus kitu, biaya ti mamah sadaya teh.

- **Oh sadaya Biaya E sareng U teh ti mamah sadaya teh? Tapi tiasa kepenuhi kitu teh kabutuhan E sareng U teh?**

(Kakak) : Uhun jigana mah kapenuhi da mamah mah sok mentingkeun heula kabutuhan barudak na ti kapungkur ge.

- **Saur mamah membuthkan biaya nu ageung teu ngurus E sareng u Teh?**

(Kakak) : Nya uhun pasti komo jaman ayeuna sagala marahal Bu

- **Kan nuju teteh sareng mamah keneh nya, pasti perhatian mamah ka E teh lebih kitu di bandingkeun sareng ka teteh. Pernah teu teteh merasa cemburu atau benci ka E?**

(Kakak) : Henteu ah biasa wae da, bebas abi mah.

- **Saur pandangan teteh mamah juga nu kelelahan teu nya ngurus E sareng U?**

(Kakak) : Nya uhun, nya cape malarian artos, nya cape ngurus, tos pasti eta mah.

- **Pernah dugi ka sakit teu mamah ngurus E sareng U?**

(Kakak) : Nya ari pernah mah pasti pernah. Lamun cape pisan kitu mereun dugi ka udur.

- **Ari nuju kapungkur teteh sareng mamah, punten nya nuju mamah sareng Pak Endang keneh kitu, aya pembagian tugas kitu teu, tugas ngasuh E sareng U?**

(Kakak) : Henteu sih da mamah weh nu ngasuh E mah. Eta pa Endang mah tara kukumaha tea.

- **Saterang teteh kapungkur mamah sareng Pak Endang osok katingali, punten parasea kitu teu teh?**

(Kakak) : Nya eta mah sering atuh Bu makana pipirakan ge.

- **Tapi gara-gara murangkalih kitu parasea na teh?**

(Kakak) : Mhmmm duka sih gara-gara E mah tapi nya da sok cekcok wae asa tiap hari teh, nya masalah na mah duka naon.

- **Oh muhun atuh teh, nuhun informasi na.**

(Kakak) : Sami-sami Bu.

## MEMBER CHECK

Kami yang bertanda tangan di bawah ini, telah membaca dan mempelajari transkrip wawancara di atas dan menyatakan kebenarannya sesuai dengan apa yang kami sudah sampaikan kepada peneliti dalam wawancara pada tanggal 7 Mei 2015.

Sindangkasih, Mei 2015

**Kakak B**

**TT**

## LAMPIRAN 5 DATA HASIL WAWANCARA

### KETERANGAN KODE UNTUK DATA HASIL WAWANCARA

1. LBK : Latar Belakang Keluarga
2. RK : Riwayat Kelahiran
3. PNOT : Penerimaan Orang Tua
4. PYDOT : Pengasuhan yang Di Berikan Orang Tua
5. DTPOT : Dampak Terhadap Pekerjaan Orang Tua
6. PYDOTMAID: Perasaan yang Dirasakan Orang Tua Memiliki Anak Intellectual Disability
7. PYDOTKMAID : Perasaan yang Dirasakan Orang Tua Ketika Mengasuh Anak Intellectual Disability.
8. PYDSKKMAID : Perasaan yang Dirasakan Saudara Knadung Ketika Mengasuh Anak Intellectual Disability
9. PKYDOT : Perasaan Khawatir yang Dirasakan Orang Tua
10. PKMAID : Permasalahan ketika mengasuh Anak Intellectual Disability
11. DTKOT : Dampak Terhadap Kesehatan Orang Tua
12. PKAID : Pemenuhan Kebutuhan Anak Intellectual Disability
13. BKO : Beban Keuangan Orang Tua

14. PTDODMKAID : Permasalahan yang Dialami Orang Tua dalam Memberikan Kebutuhan Anak Intellectual Disability
15. PTM : Pembagian Tugas Mengasuh
16. DTHP : Dampak Terhadap Hubungan Perkawinan

#### LAMPIRAN DATA HASIL WAWANCARA

##### DATA HASIL WAWANCARA DENGAN ORANG TUA A

KODE	BARIS	HASIL WAWANCARA
LBK	1	3, 5, dan 6. Teu aya da asanamah. Sami di keluarga abi ge asa teu aya
	2	nya. Sabarahanya hilap deui pokonamah taun 88 nya Pak. Enya
	3	asanamah. 44 taun neng. 49 taun asanamah. Sabaraha nya hilap,
RK	4	ayeuna usia Entis teh 21 taun. Sabaraha tah mun dikurangi. Uhun
	5	berarti 24 taun. Pas hamil ku Entis mah eta ngidam buah atah buah
	6	atas pas nuju hamil ku Entis mah nuju usum buah ning. Pokonamah
	7	hoyong nu haseum-haseum kitu weh pas hamil ku Entis mah. Henteu.
	8	Terang hamil na ge pas 4 bulan. Enya, kan teu <i>men</i> wae. Terus ka
	9	bidan weh di pariksa eh ai pek teh hamil. Ceuk Bu Bidan teh tos 4
	10	bulan ceunah. Hilap pokonamah teu men wae weh trus ka Bu Bidan
	11	weh. Enya normal. Enya di Bidan. Asanamah mual-mual kitu lah, jiga
	12	pas hamil anu kahiji. Anu katilu mah direncanakeun hamil na teh da

<b>PNOT</b>	13	<p>hoyong gaduh istri deui. Di program kumaha neng? Da kitu weh lah tinggal ngadamel da gampang ieu. Enya sami di Bidan oge tapi di Klinik Bersalin henteu di bumi jiga nu kapungkur. Abimah teu kecewa biasa wae lah sadipasihana. Barinage kan tos aya ieu budak anu istri. Tapi mun Bapak jigana mah kecewa. Enya kecewa tapi lami-lami mah henteu terima weh da dipasihana na ku Allah kitu. henteu sih. Tapi emang berharap sing istri nu kaluarna. Lamun anu ka genep ieu udur-uduran nepi ka dirawat di Rumah Sakit. Pas 7 bulan teh pendarahan ceuk dokter teh. Terus kudu di oprasi ayeuna amih bayina salamet. Jiganamah abi teh cape hamil wae terus beuki kolot deui henteu pas keur muda eta. Teu cocok jadi sok udur kitu. Enya jadi nyari aman weh, da lamun teu damang mah ke riweuh sarerea. Ayeuna mah ka dokter mahal mending jang emam weh ayeunamah. Enya.</p>
	27	<p>Ari entis mah terangna ti tatangga kan aya Ibu Guru. Nuju kapungkur teh dijak ku abi ngiring pangaosan di masjid. Enya neng. Nya naroskeun weh kunaon. Terus dipiwarang sina ka sakola na Ibu Guru eta. Genep taun asanamah. Enya ari engkos mah naha teu tiasa wae nyarios. Lambat kitu nyarios na teh. Terus cicing weh budak teh padahal tos tiasa mapah. Ari barudak mah nuju aralit teh sok teu daek cicing ning budak mah, ari engkos mah cicing weh teu kukumaha. Ah henteu neng, budak teh meni bageur puguh cicing wae. Kan sami nya engkos sareng yana teh lambat cariosan na teh, jadi terang ayeuna mah. Langsung weh wawartos ka Ibu Guru tea. Enya nyarios-nyarios weh kitu neng, diskusi kitu lah neng kedah kumaha. Teras abi teh jadi sering ka sakola SLB weh. Enya Guru SLB neng. Enya neng osok kitu weh diskusi jeung Ibu-Ibu nu lain. Enya neng. Da ari pas di masjid mah sina ka sakolah weh Ibu teh. Nya ceunah Engkos teh kedah di sakola keun didieu. Enya da di sakola teh barudak na geuning kararitu neng. Asa jiga nu kararitu lah. Ceuk Ibu mah jiga nu gelo ceunah neng barudak di sakola teh. Enya da jiga nu gelo. Meuni reuwas Ibu mah</p>

<p><b>PYDOT</b></p>	<p>44 45 46 47 48 <b>49</b> 50 51 52 53 54 55 56 57 58 59 60 61 62 63 64 65 66 67 68 69 70 71 72 73 74</p>	<p>ningali budak nu kararitu teh. Nya asanamah Engkos mah perkembangan na moal jiga teteh na. Ceunah telat kitu asa na mah. Asanamah da kapungkur atuh neng tos sabaraha puluh taun hilap. Nya ari pas entis sareng yana mah ku aya pangalaman ti engkos tea ning. Nya neng. Nya neng. Nya atuh neng sedih mah tos pasti.</p> <p><i>Enya kitu weh neng sa nyalse na abi mah. Paling Bapak mah ti wengi weh sareng barudak teh, da kumaha tea ning kahoyong mah kitu ti siang jeung ti wengi teh jeung keluarga. Tapi nya sakieu buktos na weh kumaha deui. Enya. Nya da kahoyong mah ti siang ge tos uih tapi da kumaha deui atuh neng. tara neng ameng kamana atuh teu aya artos na. Enya palingan ngariung mah osok. Ai entis jeung engkos mah ai ti siang mah osok tara aya di bumi. Palingan jeung yana weh. Enya kadang osok kasakola kadang mah jauh osok ka lapang. Enya di bumi weh ngariung, nonton tv weh kitu, mun aya PR ti sakola nya ngerjakeun PR jeung wargi-wargi na. Enya osok ditingalikeun weh bari mamatahan sa tiasa na da halilap deui pelajaran na ning. Mun hese mah osok dibantuan ku yeni. Enya nu kelas 5. Enya da kitu kumaha deui neng, hoyong na mah ameng kitu jalan-jalan ka kota tapi da kaayaan na kieu. Enya osok. Paling pinter kitu weh ai sareng wargi-warni na mah osok ca kitu. Enya tos kitu neng. Henteu biasa wae da teu aya aturan nanaon. Mun gugah mah nya sok sakadaek na kadang entis mah jam 3 subuh ge tos gugah. Nya sok hararese ning ari sina di gentos acuk teh barudak mah langsung weh cul kamana arameng. Diarantepkeun weh lah. Henteu neng. Da kumaha deui atuh hese ari murangkalih nu kitu mah dipwarang nanaon ge, sakadaek na weh tara di kukumaha keun. Enya henteu neng. Nya da kumaha deui keun weh lah. Tara neng mun ku Bapak na mah enya sok dicerekan mun hese diatur teh. Enya di omongan nu kasar nu kitu Bapak na mah. Asanamah ai di gebuk kitu mah tara paling ge di kerem di kandang hayam atau di kamar di poekan ku Bapak na mah. Nya kamari teh biasa weh ai di kampung mah kieu aya rapat RT. Nya</i></p>
---------------------	--	--



<b>DTPOT</b>	75	kadang-kadang. Nya wengi wungkul dugi ka wayah kieu kakara aya
	76	di bumi. Sanes teu hoyong. Nya nembe dongkap ka bumi teh magrib.
	77	Bari jeung teu paruguh kieu weh. Nya ari kahoyong mah ngarumpul
	78	jeung keluarga boh siang na boh wengi na. <i>Ah kadang-kadang</i>
	79	<i>dihukum na kieu ku Bapak mah mun sesah di carek teh simpen weh di</i>
	80	<i>pengker diditu. Henteu keun antep sina diparengker weh. Pami tos</i>
	81	<i>magrib misalkeun setengah genep teu acan kabarumi. Kan</i>
	82	<i>dipiwarang ka bumi teu acan biasa lah bararandel antep weh ku</i>
	83	<i>Bapak mah. Atos ka bumi sok ka karandang hayam. Paling kitu</i>
	84	<i>wungkul Bapak mah. Nya mending weh atos kitu. Nya bade nuntut</i>
	85	<i>kumaha, bade nuntut kasaha. Henteu da budak nu kieu mah hese. Ibu</i>
	86	<i>wungkul enya ngasuh mah. Teu aya nu sanes. Mantak teu tiasa kaditu</i>
	87	<i>kadieu. Teu nanaon neng. Eta ka marasjid. Enya ngaraos kitu tiap</i>
	88	<i>jumat teh. Lah duka teuing. Asal ka marasjid weh kitu. Nya ari engkos</i>
	89	<i>mah tiasaeun neng saeutik-saeutik mah. Enya bari ngarariung kitu</i>
	90	<i>jeung wargi-wargi na. Enya pinter weh ku Ibu mah. Ku Bapak mah</i>
	91	<i>osok di sebut hebat weh kitu kadang naon lah. Tapi da ai ngerjaekun</i>
92	<i>PR mah tara di Bapak jeung itu weh Ibu na. Nya lamun keur parasea,</i>	
93	<i>kieu keun weh ku Bapak mah sok ngelehan da kasep. Nya jiga tadi ek</i>	
94	<i>marasjid salalim heula ku Bapak teh di sebut sok palinter.</i>	
95	<i>Enya neng meuni sok riweuh ari tos kitu teh komo ari enjing-enjing</i>	
96	<i>tah meni osok asa rariweh pisan. Ah tara, ari ti payun mah nuju aya</i>	
97	<i>keneh raka na didieu na osok ngabantosan. Ayeuna mah tos nikah</i>	
98	<i>janten di candak ku carogena neng. Nya neng ari soal eta mah enya.</i>	
100	<i>Eta oge ari kumaha Bapak nya murangkalih itu ieu. Ari kedah na mah</i>	
101	<i>Bapak teh kitu. Ngan kulantaran Bapak teh naon ku peryogi naon</i>	
102	<i>kangge sadidinten. Nya kapaksa weh kumaha nu di bumi. Bade</i>	
103	<i>kumaha kitu weh, terserah. Ari pas waktu na damel mah, euuu kerja</i>	
104	<i>mah Bapak. angkat weh Bapak mah. Ah tos weh kumaha nu di bumi.</i>	
105	<i>Nya kitu weh lah Bapak mah. Enya neng da ari budak nu kieu mah</i>	
106	<i>ngobrol ge sakapeung mah sok tara nyambung kitu. Enya hese</i>	

<b>PYDOT MAID</b>	107	antepkeun weh lah ku ibu mah da kumaha deui. Enya osok da ari tos
	108	teu ngartos hoyong naon atuh. <i>Nya pasti neng, komo lamun nuju</i>
	109	<i>rariweuh mah sakapeung mah meuni asa sok hoyong ngagorowok.</i>
	110	<i>Enya neng. Enya. Lamun aya nu hajat tah sok bingung kitu kan ari di</i>
	111	<i>kampung mah mun aya nu hajat mah sok ngabarantuan kitu kekeret</i>
	112	<i>atau masak. Ibu mah sok tara bisa neng da kumaha ninggalkeun</i>
	113	<i>barudak. Enya neng.</i>
	114	<i>Enya sedih mah tos pasti atuh neng, sakapeng mah sok bertanya-</i>
	115	<i>tanya Ibu teh naha kunaon nasib Ibu teh kieu. Tapi nya da kumaha</i>
	116	<i>deui tos takdir na kieu neng. Enya neng di jalani weh ayeuna mah da</i>
	117	<i>kumaha deui. Nya da Bapak jeung Ibu mah teu teurang kitu kunaon</i>
	118	<i>eta budak teh. Ngan dina hate Bapak yeuh neng naha budak teh jiga</i>
	119	<i>nu idiot. Nya ngan di hate weh teu wani di pok keun mah neng. Nya</i>
120	<i>reueuws neng, gening budak teh kieu. Salah naon kitu Bapak teh da</i>	
121	<i>budak mah eweuh dosa. Ibu mah asa di hate teh ngaganjel neng, isin</i>	
122	<i>ongkoh geuning budak teh kudu sakola di didinya. Nya isin ku batur</i>	
123	<i>weh ku tatangga. Ceuk paribasa mah sudah jatuh tertimpa tangga</i>	
124	<i>neng. Nya naha kitu takdir Bapak teh meni kieu. Salah naon kitu</i>	
125	<i>Bapak nepi ka gaduh barudak anu jiga karieu. Mun teu aya iman mah</i>	
126	<i>Bapak teh jigana geus gelo mereun neng atau bunuh diri lah mun teu</i>	
127	<i>ningali ka Ibu na mah. Nya neng saking ku Bapak teh rieut kaayaan</i>	
128	<i>kieu barudak kararitu. Nya neng asal sabar weh nya urang na. Ari</i>	
129	<i>sedih mah tos teu ditaturkeun deui, da sanes nu sanes da putra Bapak,</i>	
130	<i>keluarga Bapak. tangtos wae. Nya da sedih ge ku Bapak, ku keluarga</i>	
131	<i>Bapak nya ku sakeluarga jeung emutan oge. Ai nu sanes mah da moal</i>	
132	<i>ngemutan itu ieu. Paling-paling ih murangkalih kitu. Nya da tos terang</i>	
133	<i>na kitu nya biasa weh panginten da kumaha tos kabiasaan.</i>	
<b>PYDOT KMAID PKYDO T</b>	134	<i>Nya cape da tangtos neng, da kumaha deui masing kararitu tos</i>
	135	<i>arageung ge beda jeung nu normal angger weh urusan.</i>
	136	<i>Kapayun mah eneng aya emutan lamun tos teu aya rama na tah kitu</i>
	137	<i>kumaha. Pan ari sareng wargi mah kumaha model nu tadi, ai tos teu</i>

	138	<i>aya sepuh mah acuh-acuh, ai tos ageung na kumaha ngasesahkeun nu</i>
	139	<i>sanés weh kitu, henteu teu tiasa usaha usaha tea mah. Enya neng eta</i>
	140	<i>ai tos kumaha deui dina emutan teh eta weh. Kumaha lamun aranjena</i>
	141	<i>tos sepuh kan ngahesekeun batur. Kan ari nu biasa mah kitu gaduh</i>
	142	<i>padamelan kitu. Nya ari Bapak mah, sok palebah dinya namah</i>
	143	<i>bujeng-bujeng eneng nyarios kitu sateuacan nyarios kitu, Bapak mah</i>
	144	<i>tipayun oge tos di emutan Bapak mah. Janten kumaha Bapak mah</i>
	145	<i>mun tos sepuh nya tos teu tiasa ngalengkah nya teu tiasa kuli,</i>
	146	<i>sedengkeun ieu murangkalih kieu, bade kumaha ieu Bapak mah sok</i>
	147	<i>ngemutan kadinya. Iwal ti nyanggakeun ti tresna eu sa wargi-wargi</i>
	148	<i>na. Nya ari nu kitu weh wungkul aya nyaaheun wargi-wargi na ka ieu.</i>
	149	<i>Abi tos dipikiran tipayun keneh ge, aduh kumaha Bapak lamun geus</i>
	150	<i>teu tiasa ngalengkah pisan, teu tasa kuli. Ieu nasib murangkalih anu</i>
	151	<i>tilu. Ti ayeuna ti kamari keneh ge wah tos ka emutan. Pemasukan teu</i>
	152	<i>aya damel teu tiasa, atos kumaha.</i>
<b>DTKOT</b>	<b>153</b>	<i>Enya cape mah aya, lieur sakapeung mah. Komo aya keneh nu alit</i>
	154	<i>uruskeuneun neng. Nya henteu sih, paling lamun cape pisan osok</i>
	155	<i>cicng weh heula. Beberesmah di bumi mah engke deui weh ari cape.</i>
	156	<i>Tuh nya neng ayeuna ge meni barala kieu, da kumaha deui atuh. Enya</i>
	157	<i>barudak weh nu di arutamakeun mah.</i>
<b>PKAID</b>	<b>158</b>	<i>Ah tara neng kahayong mah kitu tp da teu aya artos na tea. Bapak na</i>
	159	<i>saminggu mun 200rb. Kanggo emam ge hese. Ceunah mah 50rb</i>
	160	<i>sajam teh. Nya ai sakedah na mah kitu, kan ai disakolah teh sok aya</i>
	161	<i>terapi-terapi kitu, ari nu norml mah ka teu aya terapi-terapi. Contoh</i>
	162	<i>na kanggo jajan weh mun ngolo mah ngolo angger biaya mah kudu</i>
	163	<i>diupayakeun ari kunyariosan mah angger tapi ari ku di olo ku biaya,</i>
	164	<i>contoh na weh lah ai aya artos mah rada ngartos. Ai sakedah na mah</i>
	165	<i>teu gaduh teu aya kedah dikumahakeun. Mantak keur mah keur kieu.</i>
	166	<i>Ari sakedah namah nya kitu saur Bapak oge eneng sakedahnamah</i>
	167	<i>biaya anu sacekapna. Nya sacekap-cekap na kenging Bapak weh.</i>
	168	<i>Sakieu oge.</i>

<b>BKO</b>	<b>169</b>	<i>Enya neng. Ari nu kieu mah jajan na mun teu di cumponn teh</i>
	170	<i>ngambek weh kitu. Hese dibejaan na teh teu ngartieun. Tara neng.</i>
	171	<i>Kangge emam ge teu cekap atuh. Ari kahayong mah nya kitu hoyong</i>
	172	<i>nabung.</i>
<b>PTDOD</b>	<b>173</b>	<i>Henteu. Nya ari di bangunan mah uih na teh sok sonten wae. Nya</i>
<b>MKAID</b>	174	<i>kahoyong mah hoyong icalan tapi nya eta teu aya modal na tea.</i>
	175	<i>Ayeuna mah kedah ageung modal na teh. Nya di bangunan teh</i>
	176	<i>dibangunan weh wungkul da tos kamana deui atuh ayeuna mah Bapak</i>
	177	<i>teh kieu, ai nu jaman kieu mah da hoyong icalan nya kedah gaduh</i>
	178	<i>modal. Iwal ti minangka di damel moal pimanaeun lah. Teu aya deui</i>
	179	<i>iwal ti kuli. Kana proyek anu nu rada gampil meeusan. Nu aya mah.</i>
	180	<i>Eta di cikidang kamanah, belokan tikungan didinya.</i>
<b>PTM</b>	<b>181</b>	<i>Ah tara, ari ti payun mah nuju aya keneh raka na didieu na osok</i>
	182	<i>ngabantosan. Ayeuna mah tos nikah janten di candak ku carogena</i>
	183	<i>neng. Tara ku Ibu weh da Bapana uih na wengi tea. Enya neng. Ibu</i>
	184	<i>wungkul enya ngasuh mah. Teu aya nu sanes. Mantak teu tiasa kaditu</i>
	185	<i>kadieu.</i>
<b>DTHP</b>	<b>186</b>	<i>Henteu biasa weh. Paling bantuan atuh Pak cape abi teh paling nya</i>
	187	<i>kitu weh wungkul. Nya henteu neng. Allhamdulillah.</i>

## DATA HASIL WAWANCARA DENGAN KAKAK A

KODE	BARIS	HASIL WAWANCARA
------	-------	-----------------

Dewi Asri Juniar, 2015

**PENGASUHAN YANG DILAKUKAN ORANG TUA YANG MEMILIKI LEBIH DARI SATU ANAK INTELLECTUAL DISABILITY**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

<b>PYDOT</b>	<b>1</b>	Oh enya kamari aya nelpon. Ngobrol-ngobrol naon kitu?. Enya. <i>Nya</i>
	2	<i>paling kitu weh ameng, ngararumpul. Nya mun aya PR ti sakola jiga</i>
	3	<i>mewarnai sok bareng weh dibantuan. Nya kadang kitu weh</i>
	4	<i>ngarumpul, ngabatuan ngerjakeun PR oge. Nya. Nya kitu weh, ari sa</i>
	5	<i>nyaralse osok ngarariung. Nya osok. mhmhmhmhmhm. Kumaha nya.</i>
	6	<i>Nya kitu weh lah. Henteu sih. Nya paling mun uih tos sore-sore</i>
	7	<i>teuing kitu weh. Henteu sih jiganamah. Nya Bapak mah osok da</i>
	8	<i>emang sarienen oge ku Bapak mah mun mamah mah tara da</i>
	9	<i>asanamah. : Tara sih asamah ngagebuk kitu mah. Pernah ge paling</i>
	10	<i>di kerem kitu di kandang hayang di pengker.</i>
<b>DTPOT</b>	<b>11</b>	<i>Nya aya sih. Jiga kumaha nya. Kitu weh lah. Nya sih eta mah. Da ari</i>
	12	<i>keur eta mah aya abi jadi jadi kitu weh silih gantian. Nya kitu weh.</i>
<b>PYDOT</b>	<b>13</b>	<i>Nya isin weh pertama mah. Nya isin weh ku batur, tatangga. Nya jiga</i>
<b>MAID</b>	14	<i>namah isin oge pasti na.</i>
<b>PKYDOT</b>	<b>15</b>	<i>Nya enya sih. Da jiga nu leuwih perhatian ka engkos, entis, jeung</i>
	16	<i>yana teh. Henteu sih.</i>
<b>PYDOTK</b>	<b>17</b>	<i>Nya lah sih pasti. Da beda eta mah atuh, masing geus arageung ge</i>
<b>MAID</b>	18	<i>kitu weh jiga barudak, urusanen.</i>
<b>DTKOT</b>	<b>19</b>	<i>Nya cape pasti lah. Henteu sih asana mah.</i>
<b>PYDSKK</b>	<b>20</b>	<i>Nya kitu weh, kadang sih sok cape oge. Karunya sih ayeuna mamah</i>
<b>MAID</b>	21	<i>teu aya nu ngabantuan. Tapi da kumaha abi tos nikah ayeunamah.</i>
	22	<i>Ngiring jeung suami. Nya lah sok aya da kumaha manusiawi lah</i>
	23	<i>mereun.</i>
<b>BKO</b>	<b>24</b>	<i>Sami wae da jigana mah. Duka sih. Jiganamah tara nabung mereun.</i>
	25	<i>Da atuh jang emam ge Allhamdulillah.</i>
<b>PTDODM</b>	<b>26</b>	<i>Henteu sih tara. Atuh da di bangunan mah kitu ti enjing-enjing teh</i>
<b>AID</b>	27	<i>nepi ka sore. Cape sakitu ge komo mun langsung lembur.</i>
<b>PTM</b>	<b>28</b>	<i>Enya kitu.</i>
<b>DTHP</b>	<b>29</b>	<i>Henteu sih nya paling parasea mah masalah kitu. Nya paling ge mun</i>
	30	<i>kurang artos kitu mamah teh. Nya sami-sami.</i>

Dewi Asri Juniar, 2015

**PENGASUHAN YANG DILAKUKAN ORANG TUA YANG MEMILIKI LEBIH DARI SATU ANAK INTELLECTUAL  
DISABILITY**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

## LAMPIRAN DATA HASIL WAWANCARA

### DATA HASIL WAWANCARA DENGAN ORANG TUA B (IBU KANDUNG)

KODE	BARIS	HASIL WAWANCARA
<b>LBK</b>	1	3 Bu anu ti payun mah. Uhun anu tinu tipayun mah 3. Kan pipirakan
	2	sareng anu tipayun mah. Sareng rama na. Atos 25 taun, tinu tipayun
	3	eta mah. Uhun. Ari E sareng U mah sa Ibu sa rama, anu sareng nu itu
	4	mah benten rama kitu. Putra Ibu mah 3. Tapi pami sareng ayaeuna
	5	mah 2. Anu pang ageung na E, kadua U. Tilu Bu. Ayeuna nembe
	6	sabaraha sasih gaduh deui.
<b>PNOT</b>	7	Ari E mah kawitna mah geubis, kelas 2 teh teras kejang-kejang,
	8	kenging sadinten saweng kejang na teh, kan teu katulungannya
	9	memori teh teras hilang kitu, dilanjengkeun sakola teh, ka SD deui.
	10	Ari nuju di SD karaos deui kitu nya kejang-kejang. Teras ka dokter
	11	syaraf weh, kedah dilandongan nyampe 3 tahun, 3 taun atos tuntas
	12	kitu, teras ngiring ka SD lebet deui, nuju di SD kitu pami
	13	dikantunkeun ku rencangan na teh nangis, janten kitu memori na
	14	teh <i>kakarakan</i> deui. Ari saur ieu teh bade dialihkeun wae Bu, ka Ibu
	15	guru na teh. Ibu atuh teu sawios, da E mah di maklum ieuh da
	16	kawitna ge udur kitu. Ah hawatos bilih ngaganggu, bilih minder kitu.
	17	Bade di cabut wae, nya di cabut dialihkeun ka dieu. Ari U mah pas
	18	alit na teh sapertos anu soak kitu umur 3 tahun teh, umur 3 tahun teh
	19	sok ngingiring sareng teteh na ka madrosah. Giat kitu ngiring ka
	20	madrosah teh, ari hiji waktos, panginten guru na teh marah panginten
	21	nya, alim weh ngiring ka madrosah deui teh, di jajap ku mamah, di
	22	jajap ku mamah. Ari ningali Ibu guru eta ngagabrug, anu teras nangis
	23	ka Ibu teh. janten sapertos anu soak. Teras lebat ka SD weh kelas 1,
	24	sami kitu sapertos anu soak ka Ibu guru na teh. ningal tina semester,
	25	ngiring sa semester kitu sasemester ningal teh, Ibu U kirang konsen
	26	ceunah kitu, da emut da eta guru wali kelas na, teras sieun. Ceunag
	27	kumaha tuh nya. Kumaha upami di cabut ce teh kitu. Hoyong diditu

	28 29 30 31 32 33 34 35 36 37 38 39 40	weh upami kieu, da rerecangan na aya ayeuna ge anu langkung ti kitu ge tetep di SD. Tapi da abi hoyong kumaha kitu ka murangkalih teh , hoyong sina tiasa, hoyong sina pinter. Teras angkat ka dieu ka Ibu guru teh. karenal kitu nya sareng Ibu Itje. Bu U mah kedah sakolah didieu da katingali na kitu. Abi nangis tidinya. Ibu piraku U teh kitu. Abi teh hoyong murangkalih anu pinter cek teh kitu nya. Sagala tiasa. Abi mah bade nitip weh bade maksud didieu kitu. Nya atuh sakolah weh di dieu. Nya kitu Allhamdulillah dugi ka ayeuna.
<b>RK</b>	41 42 43 44 45 46 47	Aya. Nanging ari U mah gening kitu ngedul, kantos eta ge les nanging kitu weh tetep. Nya ari eta mah sesuai, ngan dina nyarios telat. Kitu E sareng U ge telat nyarios na teh. nya Ibu teh da teu reuwas. Da E ge kapungkur kitu. Ke ge tiasaeun. Sabarahanya 3 taun kitu teh kitu keneh mamah mamah an wungkul. Nya asanamah sami. Muhun biasa. Henteu. Normal. Ngalahirkeun lancar. Teu aya keluhan nanaon lah. Ngan pas U mah teu nangis kitu pas lahir teh tapi da ku bidan teh di tonggeng tonggeng keun nangis weh meni tarik. Mun E teu tiasa pipis kitu tos sabaraha jam teh. Saur bidan teh mun teu pipis wae wayah na kedah di oprasi eta na teh di sunat kitu. Tapi nya allhamdulillah wengi na teh aya kaluar. Tos weh kitu wungkul E sareng U teh. Uhun, mung eta weh nyarios rada relat tea.
<b>PYDOT</b>	48 49 50 51 52 53 54 55 56 57 58	Uhun, kieu weh ti enjing-enjing dugi ka ssonten. Henteu ka bumi weh. Da ari U mah teras sok diajar ngaos ka madrosah sakola madrosah teras ngaos. dilekenan weh. Sahenteuna tiasa ngaos-ngaos mah. Upami E mah sok ngiring didieu sareng rama na nu ayeuna. <i>Uhun sabada atos rada magrib mah nya, nya ari siang mah nya eta seuer aktivitas tea pidameleun ari nami-nami na Ibu rumah tangga di bumi teh, teras kan kadieu tea icalan. Aya wae pidameleun teh. Mung ngarariung na mah sabada magrib weh kitu. Biasa weh kitu ari di bumi konsultasi. Uhun ngarariung. Di piwarang muhun. Uhun ngawartosan kitu. kadang ari nuju katinggal. Mamah ari ieu teh naon. Sok ade tiasa diktukeun. Ari E mah nyumput di kamar tah</i>



	59	kitu, nya kitu nyalira da kawitna ti SD, kan kawitna di SD, muhun di
	60	SD heula sami U ge di SD heula kitu. Nanging ku Ibu di candak kitu,
	61	di cabut ti SD na. Da hawator kitu bilih kumaha kababayut Bu, eta ge
	62	Ibu guru sareng Bapak guru na ge sapertos anu kumaha ningali U
	63	teh. ih keun E mah tipayun teh aya lantaran udur nanging kasieunan,
	64	da ari ayeuna ge katingali na mah normal. Tp da eta memori na tea.
	65	Muhun Insya Allah da nurut kitu, teras digarentos acuk, kadang
	66	upami lapar teras mam upami teu lapar teras ameng. Kabiasaan tos
	67	terang kitu. Ti sakolah mah teras weh uih, janten tara ka icalan lah
	68	kitu, waktos-waktos na uih aya kitu, di rorompok. Uhun eta oge
	69	sami. Tinggal anu sanes kedah tiasa ngejar anu pinter, kedah lebih
	70	pinter. Nanging kamampuan na kitu. Kamampuanana. <i>Dihukum</i>
	71	<i>paling di cepret sampean na. Uhun, da sieun ku di tinggal langsung</i>
	72	<i>tunduk. Muhun. Kadang ari E mah tos ageung nya kadang ngalawan</i>
	73	<i>heula. Sesah ari tos ageung mah kadang-kadang.</i>
<b>DTPOT</b>	<b>74</b>	<i>Kana pekerjaan anu mana? Anu aktivitas sedidinten? Nya kitu weh</i>
	75	<i>panginten tos waktos na kedah ngabimbing mah kitu nya kedah aya</i>
	76	<i>wae waktos na. Icalan aya waktos na ari tos beres mah. Kumaha</i>
	77	<i>nya. Da di sebat sok ka ganggu da kawajiban. Ari ka ganggu na mah</i>
	78	<i>uhun ka ganggu, kumaha ari nuju icalan kitu, lamun U ka warung</i>
	79	<i>teh sok teu daek cicing, cerewet komo.</i>
<b>PYDOT</b>	<b>80</b>	<i>Uhun ari tipayun mah kitu minder kedah sakola SLB E sareng U teh.</i>
<b>MAID</b>	81	<i>tapi da ayeuna mah pasrah weh lah. Ieu mah da titipan kitu, nanging</i>
	82	<i>ka titipan eta hoyong alim palinter lah, kawajiban kitu, kawajiba Ibu</i>
	83	<i>kedah ngadidik kitu. Kedah nitipkeun na teh kedah panginten kedah</i>
	84	<i>nu kumaha kanu jalur na kadinya. Henteu allhamdulillah ayeuna mah</i>
	85	<i>henteu minder. Terus terang weh kitu kasadayana oge kitu.</i>
<b>PYDOTK</b>	<b>86</b>	Nya da uhun namina na murangkalih kadang kesel kadang
<b>MAID</b>	87	senengkitu nya ari nami-nami na ngasuh aya lah kitu sadayana Ibu
	88	oge pasti kitu.
<b>PKYDOT</b>	<b>89</b>	<i>Nya panginten khawatir sih aya, tos ya cita-cita Ibu, saupami U</i>

	90	<i>atanapi E tos ageung kitu nya sakola masih didinya, satu atap kitu</i>
	91	<i>nya, tipayun oge, dikapasantrenkeun tos aya niat, hoyong ka kobong</i>
	92	<i>keun lah. Ku teu tiasa tiasa tea nga bimbing na, bisi Ibu malaweng</i>
